STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 15 janvye 2015

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI NOUVO KATYE JENERAL MONDYAL BAK USA LLC NAN BUFFALO

Biznis Wo-Teknoloji START-UP NY se youn nan premye Konpayi Ameriken pou pwodui pwòp Mak Tablèt elektwonik li

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse gran ouvèti nouvo katye jeneral mondyal Bak USA LLC, youn nan biznis inogiral pou patisipe nan START-UP NY, ki te lokalize nan pati lès Buffalo. Konpayi wo-teknoloji, sa ki se youn nan premye antrepriz Ameriken pou pwodui pwòp mak tablèt elektwonik li, lokalize nan Compass Lès ak kouvri yon espas 10,000 kare nan premye etaj ansyen lokal Sheehan Memorial Hospital nan 425 Michigan Avenue.

"Desizyon Bak pou l lokalize katye jeneral mondyal li nan Buffalo se yon lòt istwa siksè pou vil sa a ak pou START-UP NY," Gouvènè Cuomo te deklare. "Envestisman tankou Bak ajoute nan kwasans Lwès New York ak devolman epi fè eta ale nan bon direksyon."

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams, te deklare, "Jodia se yon jou ki enteresan anpil pou Buffalo kòm nap selebre gran ouvèti nouvo katye jeneral mondyal Bak, youn nan premye biznis pou rantre nan inisyativ demaraj START-UP NY Gouvènè a. Bak ap ede nou kreye travay ak devlope ekonomi nou an, objektif ke nou te pouswiv depi nan kòmansman administrasyon nou an e START-UP NY te reyisi nan reyalizasyon an yon tan ki tou piti."

Howard Zemsky, prezidan kap antre a, PDG & Komisyonè Devlopman Empire State te deklare, "Efò devlopman ekonomik Gouvènè Cuomo, sa ki gen ladan inisyativ chanje direksyon START-UP NY, ap bay rezilta enpòtan nan Buffalo ak nan tout New York. Desizyon Bak pou ouvè nouvo katye jeneral mondyal li isit la se dènye egzanp kapasite Empire State pou atire biznis ak travay toupatou nan rejyon an, peyi a ak mond lan, e map rete tann siksè konpayi an nan Vil Queen."

Bak, sa ki angaje pou kreye 100 djòb nan Buffalo nan ane kap vini an, te kòmanse fòme premye anplwaye li yo nan dat 1ye desanm 2014 e li te deja pwodui plis pase 500 tablèt elektwonik jiska dat. Li prevwa pou kreye 80,000 aparèy nan ane 2015. Konpayi an aktyèlman pwodui de modèl tablèt li yo, soti nan pri $100 a $140. Yon modèl se Wi-Fi sèlman, pandan lòt la itilize koneksyon done 3G; yon modèl 4G nan devlopman.

Biznis Bak Buffalo baze sou travay konpayi an nan peyi Dayiti apre tranblemantè ki te devaste nan ane

2010. La, ko-fondatè Danwa Ulla ak JP Bak te etabli yon konpayi ki rele Sûrtab SA, ki lokalize nan Port-au-Prince, kote yo te fòme travayè yo pou fabrike aparèy yo. Objektif biznis la se te pou bay travay ki peye byen a rezidan lokal yo epi ofri tablèt elektwonik dirab, a bon mache ki ta konble divizyon dijital nan edikasyon.

Ulla Bak, ko-fondatè ak prezidan Bak USA LLC, te deklare, "Jodia se selebrasyon yon rèv ki vini nan reyalite pou Bak USA ansanm avèk ven manm nou yo nan fanmi konpayi an. Nan sèlman sis mwa, nou te reyalize anpil bagay e nap kreye travay nou te pwomèt Buffalo. Mwen ta renmen eksprime pwofon remèsiman m a pwogram START-UP NY paske li te rann li posib pou Bak fè pati nan transfòmasyon wo teknoloji Buffalo. Koneksyon sa yo gen anpil valè pou simante modèl anteprenarya sosyal nou an isit la nan Buffalo epi elaji l globalman. Mwen ta renmen tou di 'mèsi' ak tout gouvènman lokal ak antite non-pwofi yo, ansanm avèk tout kantite moun yo ki te fè nou santi nou lakay nou isit la nan Buffalo."

JP Bak, ko-fondatè Bak USA LLC, te deklare, "Gran ouvèti jodia reprezante plis pase etablisman katye jeneral mondyal konpayi an nan Buffalo. Nou te beni nan chak etap nan wout la e vwayaj nou an fenk kòmanse. Nou te kreye Bak USA paske nou te vle anmezi pou mete pwodui a bon mache sou mache a sa ki tap ede elèv yo aprann toupatou nan mond lan, pwodui ki ta dire pandan lontan e ki ta reyèlman fè yon enpak kote èd te nesesè. Alòske Bak USA se yon etap ki tou piti nan bi pou abòde pwoblèm ijan sa a, se yon etap sepandan: nou ka kòmanse kontribye nan direksyon pou rezoud pwoblèm analfabetizasyon nan mond lan."

Nan kad efò lokal li, Bak pral angaje etidyan jeni SUNY Buffalo yo nan yon kou konsepsyon siperyè ki pral bay etidyan yo yon eksperyans pratik epi ede konpayi an avanse devlopman ak efikasite pwodui a. Konpayi an egalman gen entansyon pou kolabore avèk Sant Jesyon Lekòl la pou Lidèchip Antrepriz sou pwogram antreprenarya sosyal ak aktivite yo.

Antrepriz Buffalo Niagara pa twò lontan de sa te rekrite sineyas respekte, John Paget, pou kreye yon videyo ki kaptire "Yon jou nan lavi Bak USA." Ou ka wè videyo a la.

Prezidan SUNY Buffalo Dr. Satish Tripathi te deklare, "Bak kwè fòtman nan vizyon ke nap reyalize nan Buffalo, ak pataje anajman nou pou envesti nan kominote nou an ak kreye opòtinite pou moun yo kap viv la. Nou kontan dèske Bak te chwazi pou l yon pati enpòtan nan avni briyan nap bati nan gran vil nou an, e Inivèsite nan Buffalo kontan pou l fè patenarya avèk Bak USA nan ede pou fè avni sa vini yon reyalite."

Manm asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Jodia montre elan pwogram START-UP NY ap pote nan fòm travay nan pati lès Buffalo. Mwen felisite Bak USA sou misyon yo pou bay teknoloji nan pati ki bezwen nan mond lan pandan lap egalman bay opòtinite travay lokal ki nesesè. Map rete tann pou m wè tandans konpayi yo relokalize nan Buffalo ap kontinye jiska 2015. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ansanm avèk ekip li a paske yo te garanti opòtinite sa a pou kominote nan pati lès Buffalo; map rete tann pou m travay avèk Bak USA nan lavni."

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Mwen aplodi Bak USA paske li te mete katye jeneral mondyal li isit la nan Buffalo, epi akeyi Ulla ak JP nan Vil Bon Vwazen an. Yo se yon egzanp kle nan pwopriyetè biznis ki gen siksè kap pran avantaj sou benefis START-UP NY, kreye opòtinite ak etabli yon relasyon kolaboratif avèk

kominote a. Lè nou kontiye pote travay ki peye byen nan Compass East, nap bati mendèv nou nan pati lès Buffalo epi kenbe travay isit la nan lwès New York kote yo apateni. “

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, “Men kisa ki pwogrè Buffalo – atire nouvo endistri nan vil nou an epi mete moun yo nan travay touswit. Gran ouvèti jodia izin fabrikasyon Bak USA vini nan yon tan ki enteresan, avèk plis aktivite konstriksyon ki sout wout ke nou te wè depi 50 ane. Mwen remèsye J.P. ak Ulla Bak pou angajman yo anvè Buffalo, pote nouvo souf nan operasyon fabrikasyon sa a nan ansyen lokal Sheehan Hospital epi bay gwo opòtinite travay pou refijye ak fanmi ki gen revni fèb yo ki te atire nan Buffalo pou kòmanse nouvo lavi ak karyè. Mèsi paske nou fè pati nan gwo elan sa nan Buffalo.”

Egzekitif Konte Mark Poloncarz te deklare, “Felisitasyon a Bak USA sou gran ouvèti nouvo etablisman yo, ansanm avèk sensè remèsiman m pou vizyon ak detèminasyon yo pou lokalize isit la nan Konte Erie. Baks te ka lokalize operasyon asanblaj telefòn ak tablèt yo nenpòt lòt kote, men li te chwazi la kòm kote pou bati alafwa biznis yo ansanm avèk kominote nou an. Modèl biznis Bak USA bay opòtinite pou moun ki defavorize yo pou yo kòmanse nan operasyon asanblaj, aprann komès wo-teknoloji ak devlope yon seri konpetans ki pral sipòte yo ansanm avèk fanmi yo. Sa a se nouvo Konte Erie a, e biznis tankou Bak USA ap ede nan transfòmasyon ekonomik pandan lap devlope kominote nou an egalman.”

Depite Brian Higgins te deklare, “Sa a se yon istwa ki ale odela devlopman ekonomik tradisyonèl. Bak USA ap envesti nan Lwès New York, mendèv nou, etidyan ak vil nou an, e kòm yon rezilta moun yo nan katye jeneral yo la nan Buffalo pral fè pati nan yon pi gwo efò pou bay zouti pou pwomote alfabetizasyon nan tout mond lan.”

Thomas Kucharski, Prezidan & PDG, Buffalo Niagara Enterpirse, te deklare, “Pèsonèl nou an fyè dèske yo te etabli relasyon pwofesyonèl ak pèsonèl ki solid avèk Ulla ak JP Bak. Manifakti avanse ak opòtinite envestisman dirèk etranje se priyorite pou rejyon nou an e se yon eleman enpòtan nan pèspektiv stratejik BNE. Vini youn nan premye asanblè tablèt PC nenpòt kote nan Etazini, akonpaye pa kalite kreyasyon travay ak envestisman enpòtan nan nwayo iben nou an ranfòse valè endistri gwoup sa, e difè ke pwogram tankou Start-Up NY ka ede Buffalo Niagara fè konpetisyon ki gen siksè nan mache mondyal la.”

Enfòmasyon sou Bak USA LLC
Bak USA LLC se yon konpayi milti-nasyonal antrepriz sosyal ki vize pou l ankouraje plis edikasyon inivèsèl, travay, ak koneksyon inivèsèl grasa asanblaj ak lavant a ba pri tablèt PC ak telefòn. Fonde pa fanmi Bak, konpayi an planifye pou l kontinye pouswiv deplwaman nich faktori tablèt yo nan anplwaye manm dinamik nan kominote lokal vil la pou asanble aparèy li yo nan anba lavil Buffalo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole